Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 37 - 38 (9779) / 10 сентябрь 2018 с. / итни 1 Мух1аррам 1439 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.

## Поздравления

**Уважаемые жители района!**

***15 сентября республика отмечает один из главных государственных праздников - «День единства народов Дагестана».***

***История Дагестана богата примерами, когда именно единение народов способствовало сохранению независимости и процветания. Воинская доблесть и единство народов Республики проявились и в период Великой Отечественной войны и в ходе борьбы с международным терроризмом, когда многонациональный народ Дагестана решительно выступил на защиту конституционного строя и территориальной целостности России. Это праздник символизирует дорогие для каждого из нас ценности братской дружбы межнационального мира и любви к Родине, свободного духовного развития.***

***День единства народов Дагестана – это не только день истории, но и возможность сказать о том, что мы навсегда вместе.***

***С праздников вас, дорогие друзья!***

**Глава МР «Казбековский район»**
**Г. Г. МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов**
**Г.М. ГИРИСХАНОВ.**

## Дорогие друзья!

**Поздравляю Вас с Днем единства народов Дагестана, желаю каждому жителю района, каждой семье мира и благополучия.**

**«Берегите Дагестан!» сказал поэт Расул Гамзатов, и это как завет о мире, дружбе и единении!**

***Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ.***

## Расул Х1амзатов гьавуралдаса-95 сон

Гьаб соналъул 8 сентябралда 95 сон т1убалаан жиндир мунагьал чураяв, Дагъисталъул халкъияв шаг1ир Расул Х1амзатовасул.

Расул гьавуна Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ. Гьит1инаб мехалъго Расулилъ бижана адабияталдехун рокьи. Школалда ц1алулаго, 11-12 сон бараб мехалъ гьес байбихьана куч1дул хъвазе. Школа лъуг1ун хадув лъугьана Авар педучилищеялде. Х1алт1ана росулъ учительлъун. 1950 аб. соналъ ана Максим Горькиясул ц1аралда бугеб литературияб институталде. Ана къоял, сверана сонал ва Расулил вахъана дунялалъулго ц1ар раг1арав шаг1ир. Гьесие ц1акъ хирияб бук1ана Дагъистан, гьелъул берцинаб т1абиг1ат, рорхатал муг1рул, роц1араб гьава-бакъ, нилъер бах1арчияб халкъ, гьелъул лъик1ал г1адатал. Гьеб бихьулеб бук1ана Расулил рик1к1ен г1емерал асаразда.

Гьездасан цояб ккола гьаб кеч1.

***Цо-цо мехалъ урхъула***
***Цересел умумузухъ,***



***Йокьарай яс чан г1адин***
***Чода т1ад лъун***
***хъамурал.***

***Гьанир чуялги гьеч1о***
***Бец1ал сардалги гьеч1о,***
***Йокьарай яс йикъизе***
***Законалъ гьукъун буго.***

***Цо-цо мехалъ урхъула***
***Цересел умумузухъ,***
***Гьезул кеч1 чваххулаан,***
***Чвахxун унеб лъар г1адин.***

***Гьаниб мег1ерги гьеч1о,***
***Г1азуги биунаро,***
***Дие кеч1 г1умрулъунги***
***Налъилъун ккунги буго.***

Гьесул г1умруялъул творчествоялъул бицине х1ажат гьеч1о, щай гурелъул, гьел лъала г1иц1го маг1арулазда гуребги, Дагъистаналъул киналго миллатазда, Россиялъул ва т1олабго дунялалъул халкъалда.

Жакъа Расулил **«Хъах1ал къункъраби»** ах1ула анц1-анц1 бат1ияб мац1алда. Дунялалда Дагъистаналъул ц1ар т1обит1изабурав Расул Х1амзатов чанго нухалда щвана нилъер районалде.

Нилъер гьесулгун рук1арал рохалилал дандч1ваязул х1акъалъулъ, г1ат1идго, бицун бук1ана районалъул газеталда. Гьенире г1ахьаллъана районалъул киналго адабият бокьулел г1адамал.

Жакъа нижеца газеталда бахъулеб буго Расул Х1амзатовасул, ц1акъ маг1на гъваридаб **«Бице , эбел Ват1ан»** абураб кеч1алдаса цо бут1а.

Рак1алде ккола районалъул поэзия бокьулезе ва куч1дул хъвалезе гьелъ кумек гьабилин абун.

***Бице, эбел Ват1ан, бице***
***Дагъистан,***
***Мун разияб гьеч1ищ дур***
***васасдаса,***
***Мустах1икъав вугищ дун***
***дур ц1аралъе***
***Ц1адулъ парпадулел дур***
***байрахъазе.***

***ИНФОРМЦЕНТР.***

## «Конкурс - 2019»

## Лъ а з а б и!

К1удияб Ват1анияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон т1убаялъул х1урматалда, **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазабулеб буго (ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб) **«Рагъул бах1арзазе -даимаб рецц»** абураб темаялда конкурс.

Конкурсалде рит1улел сочиненияби, макъалаби, куч1дул ва гь.ц. рук1ине ккола нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул х1акъалъулъ бицен гьабулел.

Лъик1аб бук1ина гьел макъалаби фронталдаса рач1арал кагътаздалъун ва суратаздалъун бечед гьаруни. Конкурсалъул х1асилал гьаризе руго 2019 соналъул 15-20 апрелалда.

Макъалаялда яги сочинениялда гъоркь рук1ине ккола авторасул мух1канго хъварал-фамилия, ц1ар, х1алт1улеб, ц1алулеб, яшав гьабун ругел бак1ал ва телефоналъул номер.

2019 соналъул 1-аб. апрелалдаса хадур редакциялде рач1арал макъалаби конкурсалде къабул гьаруларо.

Конкурсалда бергьаразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нижер адрес: **Казбек район, Дилим росу, «Чапар» газеталъул редакция. Эл.почта: redakciya-chapar@mail.ru.**

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

## Акция тIобитIана

3 сентябралда Ленинаул росулъ тIобитIана «Ниж терроризмалде данде!» абураб ахIиялда акция. ТIолабго инсаниялъ какараб, Бесланалда террористаз школа кквеялъул хIасилалда къурбанлъарал ракIалде щвеялъул акция гIуцIана райадминистрациялъ, районалъул Централияб библиотекаялъ, районалъул культураялъул Централъ.




Акциялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимхановас, ОМВДялъул начальникасул заместитель Р.А. ГIисаевас, ЖамгIияб палатаялъул председатель XI.A. Адимирзаевас, рагъулгун захIматалъул ветеранlocal Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибовас, учреждениябигун организациябазул хIалтIухъабаз, росабазул бутIруз, районалъул школаздасан мугIалимзабаз, Дилим, Ленинаул, Калининаул, росабазул школазул чIахIиял классазул цIалдохъабаз.

Гьединго гьенире гIахьаллъана терроризмаялде данде рагъулаго нилъедаса ратIалъарал полициялъул халт1ухъабазул ва ополченцазул хъизаби ва гIагара-гIунтIарал. Гьениб гьезие г1арцулал шапакъатаздалъун кумек гьабула 18 августалда тIобитIараб Республикаялъулаб чуял тIамиялъул ва спорталъул байрам гIуцIаразул рахъалдасан.

Гьеб данделъиялде кIалъазе вахъана И.Б. Салимханов. Гьес абуна: **«Нилъеда кидаго кIочене гьечIо 2004 соналъул 1 сентябралда Бесланалъул школа террористаз кквей. КIиго къоги бащдабги заманаялъ террористаз минаби лъураб рукъоб (здание) гъоркьлъалие ккун рукIана 1128 чи (гIемерисел лъимал, гьезул умумул ва школалъул хIалтIухъаби). Терракталъул хIасилалда хвана 314 чи, гьездасан 186 лъимер, 800 гIанасев чи лъукъана.**

**Гьанибго абизе ккола 1999 соналдаса хадуб террористазде данде рагъулаго хванин районалдаса 35 полициялъул хIалтIухъан ва ополченец»**,-ян.

Гьеб тадбиралда, тIолалго террористазул квердасан хварал ракIалде щвезаруна минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун.

Хадуб к1алъазе рахъана Ленинаул росдал №1 школалъул директорасул заместитель ГI. ГIумарова, ОМВДялъул начальникасул заместитель Р.А. ГIисаев, районалъул рагъул ва захIматалъул ветеранazul Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов.

Терроризмаялда хурхарал декломацияби, музыкалиял номерал рихьизруна Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул, Дилималъул лицеялъул ва гимназиялъул цIалдохъабаз. Акциялъул ахиралда террористазул квердасан хварал ракIалде щвеялъе риччана хъахIал шарал.

***И. ИДРИСОВ.***

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# 1 сентябрь- лъаялъул Къо!

## Кьабулеб буго цIумур, лъай босизе рачIаян



ЛъугIана риидалил каникулал. Байбихьана цIияб цIалул сон. Гьеб къо цIалдохъабазе букIана кIудияб рохалилаб байрамлъун, хасго исана тIоцере школалде рачIунел гьитIичазе. Исана Дилим росдал лицеялъул байбихьул школалъ къабул гьаруна 129 цIалдохъан, гьел рикьана щуго классазде 2017-2018 цIалул соналъ къватIиве виччана 34 цIалдохъан, гьездасан щуго медалист ва щуго лъикIаздасан лъикIал отличникал

Гьеб буго лицеялъул директор Юсупова Язрапат Шамхаловналъул ва школалъул мугIалимзабазул тIад къарал тIалабал тIураялдалъун цIалдохъабазул букIинеселде щулияб кьучI лъураб хIалтIи. ТIоцебесеб сентябрь лицеялда кидаго букIуна цIияб цIалул сон рохалида байбихьулеб, кидаго ракIалдаса унареб лъугьа-бахъинлъун. Гьеб данделъи тIобитIиялъе тIубараб хIадурлъи гьабула цIалдохъабазе тарбиякьеялъул рахъалъ директоралъул заместитель МухIамадова Наида АбутIалибовналъ. Данделъиялъул хIурмтиял гьалбаллъун рукIана **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместитель И.И. Шабазов, РУОялъул хIалтIухъан М.З. ЛатIипова, Жанисел ишазул отделалъул начальникасул заместитель С.М. Салатгереев ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Жидерго кIалъаязда рехсарал гьалмагъзабаз цIалдохъабазда, мугIалимзабазда баркана цIияб цIалул сон, гьарана цIалулъгун хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби. Лицеялъул директор Я.Ш. Юсуповалъ цIалул сон байбихьиги баркулаго, хасаб тIадчIеялдалъун ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна, лицеялъе гьарулел хIалтIабазе кидаго кумекалъе хIадурав ОМВДялъул начальник Халидов ГIалхан ХIажиевичасе, АхIмад Ишаншапиевасе ва кидаго кумекалъе ратулел Дилим росдал гIолохъабазе.

Данделъи берцин гьабулеб букIана цIалдохъабаз ахIулел, рикIкIунел кучIдузги кьурдабазги. Араб соналъ цIалулъ тIокIлъи бихьизабурал цIалдохъабазе гьениб кьуна къиматал сайгъатал. Умумузул рахъалдасан мугIалимзабазе баркала кьун кIалъазе рахъана Зайнаб Нуцалова ва Раджаб ЛахIитов. ГIадаталда рекъон **«Лъаялъул кIул»** кьезе ихтияр щвана Ума Кардашевалъе ва Мадина Султанмурадовалъе(11 кл.). КIул къабул гьабуна ХIалимат Шираевалъ ва Рабия ГIумахановалъ (1кл.)

ТIоцебесеб цIумур кьабуна Адам ГIумаровас (11 кл.), ГIунайзат ХIажимурадовалъ (1кл.).

Балагьаразе рекIее рохалилаб асар гьабулеблъун букIана лицеялъул вукIарав цIалдохъан МухIамад Дудуевасул цевевахъин.

Данделъи бачана тарихалъул мугIалим Маржанат Яндаевалъ.

*ХI. КАРИМОВА.*

*Щивго кIочон гьечIо...*

## Гьединазда цебе къулула



Нижер поисковиказ цIех-рех гьабулеб буго ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул цадахъго гьел соназда жанисел ишазул органазда хIлтIула рукIаразулги. Гьездасан цоявлъун ккола ВатIанияб рагъул гIахьалчи нилъер районалъул Гуни росулъа ХIасанов Шарип ГIабдулхIакимович.

ХIасанов БагIараб Армиялде ахIула 1939 соналъ. Хъулухъ гьабула 266 миномётчиказул полкалда кIудияв сержантасул чиналда. ГIахьаллъула Курскиялда, Брянскиялда, Орловалда, Молдавиялда, Болгариялда, Венгриялда ва Австриялда ккарал рагъулал тунка-хIусиязда.

Гьединго ХIасановас гIахьаллъи гьабула Севернияб Кавказалда ккарал рагъаздаги.

Фронталдаса Шарип тIад вуссуна 1946 соналъ, хадусел соназ хъулухъ гьабуна жанисел ишазул органазда.

Рагъул ва рагъдаса хадусел соназ ракIбацIадго гьабураб хIалтIиялъе гIоло пачалихъалъ гьев кIодо гьавуна рикIкIен гIемерал орденаздалъун ва медалаздалъун. Ниж ТОКСалъулазулгун гьесул букIана щулияб бухьен.

Нижеца тIоритIулел данделъабазда гьес ракIалде щвезарулаан дол захIматал рагъул соназда ккарал цо-цо лъугьа- бахъинал. Нилъер халкъалъул, бахIарчилъи, ва тушманасул вахIшилъи.

Жинда Аллагьги гурхIаяв, рухI Алжаналдаги батаяв Шарип ГIабдулгьашимович гIумруялдаса ватIалъана 2004 соналъ ва вукъун вуго Хасавюрт шагьаралъул хабалалъ.

Ниж ТОКСалъулазе гьев лъикIав инсан вукIана жиндаса мисал босизе мустахIикъав, сабруялда кIалъалев, гIодобе биччараб гIамал-хасияталъул, унго-унгояв магIарулавлъун.

Гьединазда цебе къулула нижеца бетIер.

*Болатхан ХАЛИЛУЛАЕВ,*
*Хасавюрт шагьар.*

## Дилим росдал гимназиялда...

ТIоцебесеб сентябрь- **«Лъаялъул Къо»** к1одо гьабун Дилим росдал гимназиялъул азбаралде рак1арун рук1ана тIугьдузул квацIабигун, берцинго ретIа-къарал ц1алдохъаби, гьезул улбул ва х1урмат т1адег1анал гьалбал.

Гьурмазда гьимигун гьезда дандчIвай гьабулеб букIана мугIалимзабаз. Рохалилаб тадбир байбихьана Россиялъул гимн ахIиялдалъун.



Гимназиялъул мугIалим Д. ГIумаровалъ цебераг1иялдаса хадуб рагьана байрамалъулаб линейка.

Баркиялъул раг1абазе ихтияр кьуна гимназиялъул директор З. С. Темирбулатовалъе. Гьелъ г1ат1ид гьабун бицана араб цIалул соналъул хIасилазул ва ц1ияб ц1алул соналъ гьаризелъун рихьизарурал масъалабазул. 2017-2018 цIалул соналъ тIокIлъи бихьизарурал цIалдохъабазе кьуна Х1урматалъул грамотаби.

Хадув баркигун кIалъана районалъул бетIерасул кумекчи Гъайирби Гъайирбиев. Жидерго кучIдул ахIизе ва кьурдизе бугеб махщел бихьизабуна гимназиялъул цIалдохъабаз ва №2 **«РелъедакунчI»** ясли-ахалъул гьитIичаз.

ГIадатлъун батухъе, анцIила цоабилеб классазул цIалдохъабаз **«Лъаялъул кIул»** кьуна тIоцере школалде рачIарал гьитIичазухъе,гьез тIоцебесеб цIумурги кьабуна.

Байрамалъул г1ахьалчаг1азе гьеб бук1ана киданиги рак1алдаса унареблъун.

*И. ИДРИСОВ.*

*Ишахиса лъим*

## Кьурул сакI биххана

Араб шамат къоялъ, тIоцебесеб сентябралда, Ишахиса лъим бачунеб участокалда бугеб, я экскаваторалда, яги бульдозералда бихизабизе кIвечIеб кьурул сакI бихьизе рачIаян ахIи, барабго гьенире щвана Буртунаялдаса «Буртабазул гIолилал» абураб къукъаялъе нухмалъулел Шамил Расуловасул ва Буртунай росдал имам Рамазан Къасумовасул бетIерлъиялда гIолохъаби: МухIамадов Шигьабдин, ХIайбулаев ГIали, ХIамзатов МахIач, Къасумов АхIмад, МухIамадов ХIосен, Сахиев Джамбулат, СагIадуев АхIмад, Малачиев Шарип, БатагIалиев Арслан, Рамазанов Мурад, МухIмадов ХIажимурад, Закарияев ГIали, Сурхаев Муса, Дилималдаса Шарапудинов Ильяс.



Буртунай росдал бетIер АхIмад Салмановасул бихьизабиялда рекъон гьез биххизабуна цо кIудияб кьуруялъул щулалъи ва 20-25 метралъул манзилалда лъел рогIрал лъезе рес щолеб хIалалда нух гьабуна.

Гьеб гуребги, гIолилазул рехсараб къукъаялъ август моцIалъул ахиралда жидеца данде бак1арараб г1арацги кьун бачун грейдергун къачIана Дилималдаса Буртунаялде унеб нух.

КIинусгоялдасаги цIикIкIун чи данделъараб гьеб гIолилазул къукъаялъ рагIи кьун буго кинаб багъа-бачари росолъ кканиги гьенибе жигараб гIахьаллъи гьабизе.

Гьелдалъун бихьулеб буго, ахирал соназ нилъер районалда чIахIияб гIелалъ гьарулел жамгIиял хIалтIаби гIададисел гуреллъи ва г1олилал умумузул нухдасан унел рукIин.

Бечедаб буго нилъер ВатIан гьединал сахаватал васаздасаги ясаздасаги. Нилъ кидаго гьединаздаса чIухIаралги руго.

*ИНФОРМЦЕНТР.*

# ЦЕБЕСЕБ ВА ГЬАНЖЕСЕБ ЗАМАН

Казбек районалдаги колхозал гIуцIизе байбихьана 1932 абилеб соналъ. Алмахъ росулъ гьеб гIуцIиялъе доклад гьабизе МахIачхъалалдаса вачIарав чияс данделъиялда абун буго колхоз гIуцIизе бокьарав чияс квер борхеян. Гьеб колхоз нижеда лъалеб жоги гурин ва гьеб къваригIарал чагIиги ниж гуринги абун Мусичова Зулайбат лъенги босун гьесда кьабизе инаго хIинкъун лъаларо, докладчияс абун буго: **«Ёхъ, колхоз гьабуге бокьани коллективное хозяйство гьабеян. Гьеб бегьилинги абун Зулайбатица тIоцебе борхун буго квер колхозалде лъугьине.**

**Зулайбатидаги тункун гьелъул гIинде шурун буго Алмахъалдаса Асланбайица: Гьеб мун разилъараб жоги бугебинха цо аздагьо борохь»**,-ан. Колхозги коллективное хозяйствоги цого жо кколебилъи гIемерисезда бичIчIун букIунаро. Колхозал гIуцIизе байбихьана росулъгун къватIирехун ругел отарабазда Алмахъ росулъ гIуцана **«25 октябрь»** колхоз, нахъа отаралда **«Сталин»** колхоз, цебе отаралда **«Молотов» колхоз**, Кариман отаралда **«Ленин»** колхоз.



Гьал руго Алмахъ росдал сверухълъиялда ругел, ричIа-ричIада кколел отарал. Колхозал гIуцIун хадусан гьенире гIарзабиги кьун лъугьарав щивав чиясда тIадаблъун гьабуна колхозалъе кьезе кIвараца-кIвараб, оц –гIака, бече, г1и - цIани, кутан ва гь.ц.

Колхозал гIуцIун анцIила кIиго соналдасан (1944 аб.) соналъ хIал гьабун гочинаруна киналниги отарабазда рукIарал гIадамал гьанжесел Ленинаул ва Калининаул росабалъе. Ленинаулалда лъуна **«Сталин»** колхоз абун цIар. Гьев хун хадусан **«Гьудуллъи»** колхоз абун. Калининаулалъул колхозалда букIараб **«Ленин»** абураб бахъун лъуна **«Победа»** абун, гьебги букIана ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босун гьелъул хIурматалда лъураб цIар, 1945 абилеб сонил 9 маялдаса хадуб. БукIани щиб, колхозал гIуцIунилан щибго бигьалъи букIинчIо колхозчагIазе нухмалълъулезе. Гьез лъагIел халаса гьабураб магIишат унаан рагъуе, гьебги щвезабулаан Хасавюрт шагьаралъул вокзалалде.

Цояз гьакаца, цогидаз мугъалда баччана цо-цо путги лъун. Хасго руччабаца ракъунги, кьечонги. Доб заманаялда гьабулеб хIалтIи букIана хIалтIулхъабазул кверазул къуваталъ гьабулеб. Гьанжейин абуни, бокьарал тайпабазул тракторал, машинабиги, комбайнал, гьезие хIажатал алаталги руго. РукIани щиб, рекьичIого хурзалги, хьачIого хьоналги, рецичIого мегъалги руго. Лъицаниги гьезул тIалабги гьабулебги гьечIо. РакIалде ккола, гьаб дица хъвараб макъала цIалун хадубгIаги, умумуз гьабун бихьизабуралъул, цо 30% гIаги жидеего кьурал ракьазул хадусеб гIелалъ хIалтIизарилел ратилин абун. Абиги бугелъулха «Риида гьабураб хасало батулилан».

*Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.*

*Инсан ва г1умру*

# АНИЩАЛ НУХДАГО ХУТIАНА

Цо чанго сон ана (жиндир мунагьал чураяй) Алмахъалдаса Пабдулвагьабил яс Саибат Аллагьасул къадаралде щвараллдаса. Гьелъул гIумруялъул ахирисеб соналъ дун гьелъухъе щвана ва ккараб гара-чIвариялда гьелъ бицана: **«Умумуз бицунеб батана нижер тухум-кьибил гIезегIан кIудияб ва гIадамазда гьоркьоб цIикIкIараб къадру-къимат бугеб букIанин.**

**Дир гIагарав чи МухIамадшарип ГIадильгереев гIахьаллъун вугин ТIоцебесеб дунялъул рагъда ва гьесда цадахъ рукIун ругин ДагъистаналдасагIезегIанго гIолохъаби, гьезда гьоркьов ХъахIаб росулъа МахIмудги. МухIамадшарипица бицунаанин, МахIмуд вукIанин кучIдул рахъизе цIакъ пагьму бугев, чи»**,-ян. МахIмудица Карпаталъул мугIрузда вукIаго йокьулей Муиде бахъараб кочIалъул гьал рагIаби ракIалда чIун ругоанин гьесда:

*«ГIадан вихьуларев рохьазда вугев,*
*Вихьуларищ сардилъ кьерсер-бер чIегIер,*
*Росаби тIагIарал мугIрузда вугев,*
*ТIамуларищ цеве тIогьилаб тастар».*

Дир эбелалъул эмен -Коргъолаев СагIодин яшав гьабун вукIун вуго Хасавюрталда. Падамаз гьесул гьениб сордо балеб букIун буго (Хадусан гьениб колхозниказул петер букIана).

Власталдаса вахчарав ХIоцоса Нажмудине кумек гьабунилан гIайиб гIунтIизабурав Къебедил Дада (гьесул хIакъалъулъ дагьаб цебегIан хъванги букIана) рохьазда вахчизе ккун вукIуна. Дир эмен Пабдулвагьаб кколаан Дадал гIагарав чилъун ва СайгIодинил дурцIун. Дол соназ Дадал гIагарал чагIазул рукъзалги рухIун, гьезул цо-цоял жанир тIамун руго, гьезда гьоркьой йикIун йиго гьесул яс Умайжатги. ТуснахъалдагIакъуба кьурай гьей, рукъое тIадюссун заман бахъилелде, гIумруялдаса ятIалъун йиго. Жиндихъе щвезе вачIарав абурав васасде гьелъ абун буго гьал раг1аби:

*«Метер къаси вачIа дир къулгьуялде,*
*Къоно борхалъизе, хоб гIатIилъизе.*
*ГIадамал аниги нахъеги унге,*
*Дуе г1оло кьолеб гIазаб бихьизе».*

Рагъдаса цересел соназ, мугIалимзабилъун хIалтIизе рачIун рукIана кIиго гIурус яс. Гьез дида абулаан Ленинградалде цIализе ячине йигилан. Рагъги байбихьун, гьел нахъе ана ва дир анищал нухдаго хутIана.



Рагьалъ хисизабуна пачалихъалъулго гIумру. Полохъанлъуде рахарал ниж тIамуна, рагъухъбазе кумек гьабун, хандакъал рухъизе. Квачаялъги, ракъиялъги тату хун ниж гIодулаан, амма гьелда гьабизе жо букIинчIо, тушман нилъер ракьалде гIагарлъулев вукIана. Байбихьана лъукъарал рагъухъаби рачIине.

Нилъер районалдаса гьезул гIезегIанго чи рещтIана Хасавюрталде нижер петералде. Гьезда гьоркьор рукIана, хваралги, лъукъа-кьотIаралги. Немцаз Хасавюрталде бомбаби рехизе байбихьидал, ниж Алмахъалде гочана. Гьениб заман бахъилелде, гочинаруна Юрт - Гьавухъалде. Гьел рукIана ракъи ккарал сонал. Пáдамаз кваналаан гIурччинлъи, микк, хенезеги хенон цIорасаролъил хIокI, рохьил пихъ. ГIемеГIал чаг1и хвана ракъуца. Нижеда бихьана гIемераб гIакъуба.

Дол соназ дун хIалтIана санитаркалъун, инструктор-массовиклъун, культуралъул Рукъалъенухмалълъулейлъунвашколалъул завхозлъун.

1961 соналъ, ниж кканаХасавюртде. Гьенийги дун батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана ва хадусан хIалхьиялде ана»,-ян.

*СалихI САЛИХIОВ,*

*(Цебесеб - 34, 35, 36 номеразда)*

**Пат1а Айтемирова**

# Къисматалъул кьерал

*(Къиса)*

*-6-*

Дица лъуг1изабуна ич1го класс, кьуна экзаменал. Имг1аласул ч1ужуялъ дие берцинаб гурде букъана, ва дун школалдаса риччаялъул вечералде ине х1адур гьаюна. Имг1алас бицун бук1ана дунги ячун Мах1ачхъалаялде ине ва художественнияб училищеялде ц1ализе росиялъул х1акъалъулъ ц1ех-рех гьабизе. Дир суратал сумкаялъурги лъун, ич1го класс лъуг1иналъул свидетельство щвеялъухъ ралагьун рук1ана ниж.

Рак1алдаго гьеч1ого, росулъе вач1ана вац. Имг1аласул довецин щвеч1ого, гьес дун рокьое ах1ана. Куцго хисун бугоан дир вацасул, бахараб мегежалъ гьев херав чи г1адин гьавун вук1ана, берал гьанире-доре рекерулел рук1ана, щибаб ишалъухъе т1урк1улев вук1ана. Гьес лъазабуна нухде яхьине х1адурлъеян. Дица г1одилаго гьарулеб бук1ана имг1аласул хъизаналда теян. Гьев ах1дезе лъугьана лъилниги ихтияр гьеч1ин, живги нахъе вук1аго, дир т1алаб гьабизеян. Т1аде рач1арал имг1алас ва гьесул ч1ужуялъ вацасда гьарана мунги рокъов ч1айин, яцги тейин. Гьев квешго к1алъалев вук1ана ва бац1ц1адаб исламалъе г1оло къеркьезе щивасул налъиялъул бицине лъугьана. Т1аде вач1арав имг1аласул к1удияв васас гьесда кьварун лъазабуна, полиция ах1изабич1ого, берцин ч1аян. Полициялъул ц1ар бахъигун, вац ццин бахъун, квешго к1алъазе лъугьана. Хадув, г1одовеги виччан, гьес абуна марк1ач1уда имг1аласул доре цадахъ рач1инин, рет1ел чуризе бугин, дун рокьой теян. Дагьаб мехалъ г1адатияб х1алалда гьалъул-долъул бицунаги рук1ун, имг1ал нахъе ана. Жинца лъик1аб квенги гьабилин, доре рач1аян нижги тун, имг1аласул ч1ужуги ана. Киналго г1агарал рук1унаан Ах1мадил мекъи ккеялда рази гьеч1ого, ва гьезул мурад бук1ана гьев г1адатияб г1умруялде вуссин.

Ц1адал гьаракь дагьабги ц1ик1к1унеб бук1ана. Гордухъан бихьулеб бук1ана цого жо лъугьун, зодисан т1олеб лъел чвахи. Марьямица мугъ бит1изабуна ва гьваридго х1ухьел босана. Гьалгъан ч1ун йигей гьелъухъги ялагьун, дун х1инкъадго г1енеккун йик1ана хадусан гьелъ бицине бугелъухъ. Гьей г1олохъанай г1аданалъ х1ехьезе ккараб къоялъул х1исаб гьабулей дир кверал сородизе ва бет1ер унтизе лъугьана. Сумкаялъуса дару бахъулаго, гьенир ратарал конфетал дица столалде рана.

- Чай босизин дуе, конфеталгун гьекъезе.

- Марьям, дида бич1ч1уна дуе зах1мат бук1ин кьог1аб г1умруялъул бицине. Щиб ккараб хадуб, кин мун гьание ккарай? Бух1араб чайги къулч1улаго, дун г1енеккун йик1ана ясалъ бицунелъухъ. Квешаб раг1ине х1инкъун йик1аниги, хадусеб лъач1ого ч1езе дида к1олеб бук1инч1о. Заманалъул сахлъулареб ругъунлъун лъугьун бугеб диналъул рикьиги, бац1ц1адаб исламалъе г1оло гьабулебан ц1арги лъун унеб рагъги ч1вадариги бук1ана кибго т1ибит1улеб ва т1аг1инабизе к1олареблъун лъугьун.

- Дица чурана вацасул рет1ел, бак1арана рукъ-бак1. Дида рак1алде щолеб бук1ана кинав рак1 лъик1ав вац дирго вук1аравали ва гьел пикрабаз дие хинлъи кьолеб бук1ана. Марк1ач1ул какги бан, халат бахъараб к1алъай телефоналдасанги гьабун, Ах1мадица дида рилълъаян абуна. Нижер рукъалда нахъасан байбихьулаан росулъа къват1ире унеб нух. Каву бахарабго, къан дир рукъги ккун, гьениехун ц1ана вацас дун.

- Сих1 бахъани, ч1вала! - ян хъач1го лъазабуна гьес. Гьесул г1ассиял раг1абаз дида к1алъазецин к1веч1о. Хехго унев гьесда хадуй дун екеризе кколей йик1ана. Гьес къан ккураб гъежалъул унтиялъ дир рак1 кьват1изе гьабулеб бук1ана. Шагьранухдаса гьев сверана чиясда бихьулареб сухъмахъалде. Къанаг1ат нухдасан унел машинабазда ниж рихьулароан. Лъик1аланго нух тараб мехалъ, гьесул телефоналде ах1ун бач1ана. Гьес шагьранухае ячана дун, ва кват1ич1ого нижеда аск1об машина лъалхъана. Ах1мадица дир гъеж биччач1ого кккун бук1ана ва цо-к1иго раг1иялдалъун машина бачуневгун к1алъана. Кват1араб г1ужалъ ниж Мах1ачхъалаялде щвана. К1удияб минаялъул азбаралде щведал, диде данде яч1ана ригь арай г1адан.

- Гьале дур нус, Чакар, къабул гьае гьай, - ян ах1ана машина бачунев вук1арас.

- Арсен, гьадинищ нус рукъое ячуней? Дуца хъамунцин гурищ гьай? Щай дида абич1еб, г1адамаз г1адин гьабизе бегьуларищ ригьин? Вай, аман, дуца гьабураб щиб? Яч1а, дир яс, х1инкъуге, кинабго лъик1 бук1инеб. Вай, гьай х1анч1ил т1инч1 г1адин соролей йиго. Щиб нужеца гьабураб жо? Кир гьалъул эбел-эмен, киса нужеца гьай ячарай?

- Гьелъул эбел-эмен гьеч1о, рукъоре а! – Арсеница, хьач1го ах1ун, гьоркьоб къот1изабуна хералъул к1алъай.

- Вай, дир бесдалай, йилълъа, х1инкъуге, лъицаниги мун къварид гьайиларей дир рокьой.- Х1акъикъаталдаги, гьей г1аданалъ дие щибниги квешаб гьабич1о. Гьей йик1ана дун ц1унулейлъунги, лъик1аб малъулейлъунги. Гьелъ ругьун гьаюна дун квен гьабизе, яшав г1уц1изе, лъимал хьихьизе, ч1ужулъун ва эбеллъун йик1инеги. Хадуб, гьелъул гьариялда рекъон, дица гьелда эбелилан абулаан. Доб сордоялъго рукъове вачун вач1ана херав чи ва, Ах1мадги вук1аго, дида магьари лъуна. Бет1ерги к1ибик1улаго, херас дида гьикъана рази йигищин Арсение инеян. Дун х1адур йик1ана ах1дезе, т1уризе, амма вацас къан ккураб квер биччалеб бук1инч1о. Дир мац1ин абуни, хвараб сан кинниги к1алдиб, г1унун бук1ана.

- Рази йиго гьей, гьит1инго йигелъул нечон ятила,. Гьалда щай гьикъулеб? Дун вуго цо гьелъул хут1арав чи. Аллагьасда ва г1адамасда цебе гьелъул жаваб кьолев чи ккола дун. - Ах1мадил раг1абаз дир рак1 борлъулеб бук1ана. Херасда кинабго бихьулеб бук1ана, амма жиндирго ишги гьабун, гьев нахъе ана. Ах1мадица нахъеги х1инкъи кьуна дие кколеб къаг1идаялда хьвадеян ва нахъе ана. Хадув вач1ун Арсеница т1аса лъугьаян гьарулеб бук1ана. Дида ккана гьесул рак1 бух1улеб бугин ккараб жоялдасаян.

- Гьанже мун ругьунлъе Чакаридаги, ц1ияб рукъалдаги, ва дурго росасухъ ялагьун ч1а. Дун анкьидасан вач1ина.- Дун хут1ана гьеб рукъой. Т1оцебесеб пикру бук1ана т1урун къват1ие йорч1изе. Маххул хьурабаз щула гьарурал гордал ва рагьизе к1оларел нуц1би, гьание - дое йортун, диего хвел гьарулей дун, вацасда г1ассиялъ к1ийиде кьват1улеб рак1. Х1инкъун, квачан йигей дие цого бокьараб жо бук1ана - хвел.

Гьедин дун лъугьана Арсенил лъадилъун ва ункъо соналъ гьеб рукъой яшавун йик1ана. Гьаруна лъимал - Муслим ва Хадиджа. Дунгоги г1уна к1удияй, бач1ана г1акълу. Амма сурат бахъизе дир кверала к1олеб бук1инч1о.

*(Хадусеб бук1ине буго).*

*Архивалдаса*

# МугIалимзаби

***Жакъасеб газеталъул номералда нижеца ракIалде щвезарулел руго 1932-1943 соназда Буртунай росулъ х1алт1арал мугIалимзабазул цIарал.***

**1932-1933сс.**

1. Абакаров ГIусман- директор
2. ХIабиев Расул- мугIалим
3. Мусаев Мухтар
4. Сатираев ХIажи
5. ХIайбулаев ГъазихIма
6. Мусаев Зайнудин
7. ГIабдуев ХIасин
8. Ашаханов СайгидахIмад
9. Эмендадаев ХIамзат
I0. Стретенский Н.- мугIалим
3. Семенкин Владимир
4. Бауско Иван
5. Титовский М.С.
6. Султанмурадов Абас-ГIурус мацIалъул мугIалим
7. Утарбиев Ибрагьим – военрук
II. ГIалиев Мухтар
I2. Донецкий В.
8. Муртазалиева Баба-
9. ГIадиева Сукайнат
10. Айгупова ГIайшат
11. Абусов МухIамад
12. Устаева Аминат
13. МухIамадова Умайгьанат

**1934-1935сс.**

1. Абакаров ГIусман –директор
2. ГIабдуев ХIасим- мугIалим
3. ХIамзатов МухIамад
4. Мусаев Мухтар
5. Къумаев Лабазан
6. БалахIажиев Нуцал
7. Ашаханов СайгидахIмад
8. ХIажиев Малачилав
9. ГIалиев Мухтар
10. Сурхаев ХIамзат.
14. Сайпудинов Умалав
15. ГIалиханова Айсарат
16. Хъарагишиев Ибрагьим
17. ГIалибегов Къадыр
18. Абакарова ПатIимат
19. ГIабдулаев Багьавдин
20. Гавримино М.- мугIалим (история, физика)
21. Шевченко М. - мугIалим (химия, арифметика)
22. Иванова Л. – мугIалим (физика, математика)

**1937 сон**

1. Батыров - директор
2. Мусаев Мухтар – мугIалим
3. ХIалимов Насрула
4. ХIайбулаев ГъазихIма
5. Гъазиев М-расул
6. ГIумаров Даниялсултан
7. Сатираев ХIажи
8. Ашаханов СайгидахIмад
9. Вавулина Татьяна Михайловна- мугIалим
10. Осипова-
23. ХIабиев Расул – директор (байбихьул гьоркьохъеб школалъул).
24. МухIамадов Н. - инспектор
25. ХIабиев Казинбег
26. ГIамирилаев Башир-
27. Гелегаев Расул
28. Иматов М. - завуч
29. ХIажададаев ХIабиб – военрук
30. Лабазанова Салимат
31. Тажарская Нина
32. Гавриленко Марина

**1943 сон**

1. Уладиев Башир – байбихьул классазул мугIалим
2. Курсикина Клавдия –

***М.ГI. ЧУПАЛАЕВ,***
***(Хадусеб букIине буго).***

# Ахириял лъугьа - бахъинал

Гьал къоязда Республикаялда, Гъарабудагъкент районалъул Ачи-Су поселокалда, машинаги поездги дандреч1ун, ккараб аварияльул х1асилалда г1умруялдаса ват1алъана лъабго чи-гьезда гьоркьоб цо лъимерги, лъукъа-къот1ана к1игоял.

*****

**«Кавказ»** федералияб нухда, Гъаякент районалъул Ичк1а росдада г1агарлъухъ, к1иго машина дандреч1ун ккараб авариялъул х1асилалда г1умруялдаса ват1алъана лъабго чи- к1иго ч1ужуг1аданги цо бихьинчиги.

*****

Республикаялъул ц1ех-рехалъул комитеталъ ц1ех-рех гьабулеб буго Табасаран районалъул Дарвагъ росулъ ккараб лъугьа-бахъиналъул. К1иго ва ункъо сон бараб к1иго лъимералъ машинаялда аск1об букIараб бакъвараб харида ц1а гъун буго. Гьениб рек1араб ц1адул хIасилалда г1умруялдаса бат1алъун буго, машинаялда жаниб бук1араб к1иго сон бараб лъимер.

******

Россиялъул бищунго нек1сияб шагьар Дербенталъул юбилеялде х1адурлъулаго, шагьар къач1аялъул **«Дербент-2000»** г1уциялъул директорасда т1ад гьабун буго уголовнияб дело. Шагьаралда х1алт1аби гьарунинги абун, гьес т1ок1 гьабун батун буго гьабизего гьабич1еб х1алт1ухъ 44 млн. гъурущ.

*«Чапар-2018»*

# КИБ ЧАН ХЪВАРАБ?

***Гьаб соналъул II-бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъван буго:***

| п/п № | Учреждениязул ц1арал | Х1алт1ухъа базул къадар | Газета хъван буго | |
|---|---|---|---|---|
| | **Школазда:** | | | |
| 1. | Г1аркьухъ | 31 | 7 | 22,6 |
| 2. | Гъозтала | 25 | 21 | 84,0 |
| 3. | Дилим лицей | 127 | 20 | 1,6 |
| 4. | Дилим гимназия | 123 | 0 | 0 |
| 5. | Ленинаул №1 | 115 | 15 | 13,4 |
| 6. | Ленинаул №2 | 112 | 50 | 44,6 |
| 7. | Калининаул (КСОШ) | 151 | 46 | 43,0 |
| 8. | Калининаул (КНОШ) | 34 | 5 | 14,7 |
| 9. | Буртунай (БСОШ) | 68 | 30 | 44,1 |
| 10. | Алмахъ (СШ) | 55 | 10 | 18,1 |
| 11. | Гертма (ГОСШ) | 52 | 0 | 0 |
| 12. | Гуни (ГКМ) | 70 | 25 | 3,6 |
| 13. | Хубар (ХСОШ) | 51 | 35 | 68- |
| 14. | Инчха (ИСОШ) | 72 | 35 | 4,8 |
| 15. | Дубки (ДСОШ) | 96 | 0 | 0 |
| | **Т1олго:** | **983** | **299** | **30,4** |
| | **Ясли-ахазда:** | | | |
| 1. | Алмахъ «Колобок» | 28 | 7 | 25,0 |
| 2. | Буртунай «Буратино» | 24 | 20 | 83,8 |
| 3. | Гуни «Улыбка» | 40 | 20 | 50,0 |
| 4. | Гертма «Лачен» | 0 | 0 | 0 |
| 5. | Дылым «Сказка» | 77 | 12 | 1,6 |
| 6. | Дылым «Светлячок» | 40 | 10 | 25,0 |
| 7. | Дылым «Журавушка» | 70 | 10 | 14,2 |
| 8. | Дубки «Ромашка» | 44 | 0 | 0 |
| 9. | Дубки «Солнышко» | 30 | 0 | 0 |
| 10. | Инчха «Солнышко» | 45 | 13 | 28,8 |
| 11. | Ленинаул «Чебурашка» | 82 | 30 | 36,6 |
| 12. | Калининаул «Колокольчик» | 45 | 25 | 56,0 |
| 13. | Хубар «Ласточка» | 30 | 20 | 66,6 |
| 14. | Дубки «ДШИ» | 19 | 0 | 0 |
| 15. | Дылым (РДШИ) | 27 | 2 | 7,1 |
| 16. | Дылым (ДЮСШ) | 58 | 15 | 25,8 |
| | **Т1олго:** | **659** | **184** | **27,9** |

Таблицаялдасан нилъеда бихьулеб буго гьаб соналъул 2 бащдаб лъаг1алие газета хъвалъул кампаниялда нилъер районалъул школазда гьоркьоб **«Чапар»** газета хъваялъул рахъалъ т1оцебесеб бак1алъе мустах1икълъун бук1ин Гъозтала росдал школалъул муг1алимзабазул коллектив (84%).

К1иабилеб бак1алъе-Хубар росдал №2 аб. школалъул муг1алимзабазул коллектив (68%).

Лъабабилеб бак1алъе - Ленинаул росдал №2 школалъул муг1алимзабазул коллектив(44,6%).

**Лъималазул ахазда гьоркьоб:**

Т1оцебесеб бак1 щвана Буртунай росдал **«Буратино»** лъималазул ахалъул коллективалъе (83,8%).

К1иабилеб бак1алде рач1ана Хубар росдал **«Ласточка»** лъималазул ахалъул коллектив (66,6%).

Лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана Калининаул росдал **«Колокольчик»** лъималазул ахалъул коллектив (56,0%).

Гьаб соналъул ноябрь моц1алул ахиралда рехсараб подпискаялъул компаниялда жигарчилъи бихьизабурал, коллективазе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби, баркалаялъул кагътал ва къиматал сайгъатал.

Хадусеб, 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул хал гьабизе буго, гьебго соналъул август моц1алъул ахиралда ва бергьенлъи босарал коллективал к1одо гьаризе руго жеги, къимат т1адег1анал сайгъатаздалъун.

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,*
*368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №124 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*

Сахаб, талихIаб гIумру нужее насиблъаги!